Jeewo Géy

Séex yi doon wër seen yaay




Editions
Papyrus Afrique

Séex yi doon wër seen yaay

Jeewo Géy

Séex yi doon wër seen yaay



Editions
PAPYRUS AFRIQUE

© Editions Papyrus Afrique 2014
BP : 19472, Dakar - Sénégal
Tél. (221) 33 837 38 82
Courriel : papyrusafrique@orange.sn
ISBN : 978-2-914135-22-1

PL
8785.9
.G49
S44
2014

Teraanga teere bii, ñeel na :

Njëm-ci-Yàlla Fàllu GÉY, sama rakk ji ma dul fàtte. Moom ak ñii may tudd, te ñu bokkoon ci ñi mu fonkoon lool :
Sëriñ Lamin GÉY, Amsatu FAAL, Sëriñ GÉY, Isaa Lébu GÉY, Ibra WAN, Mustafaa Kiku TURE, Musaa FAY...

Séex yi doon wër seen yaay

Léebóon ?
Lippóon !
Amoon na fi
Daan na am.
Benn buur
Dafa takk ñaareel rekk, def ko muy ki ko gënal. Lu mu wax rekk, mu ne ayca.
Ndawsi daldi ko ne bés,
– « Sa aawo bii daal, danga koy jële ci néeg bii, yóbbu ko

ca néegu fas ya, mu di leen sang, di leen dundal ak di bey tool ya ca àll ba ». Buur daldi def noonu.

Aawo bi nuróotul nit ndax coono.

Suba gu jot, dina sang fas yi, jox leen ñu lekk ba noppi, mu daw dem ca tool ya.

Fa lay yendoo wëlbati suuf sa, dindi ñax ma, ji mbaa góob. Te kat, loolu muy daj ci tool yi, moo ko gënal fuuf, nekkam ca fas ya ca kër ga, ndax wujjam wi koy yuuxu, di ko saaga ak a dóor. Dem na

ci ba ni ko bumu sangooti, te bumu fóotati ay yéréem.



Ndeysaan ! Taaram ba dem, kenn xàmmeetuko ndax tilim ju dër, di xasaw teg ca. Bu ko wujj wiy saaga ak a dóor sax, day fatt bakkanam.

Waaye ndeketeyoo aawo bi bañu koy génnee, dafa ëmboon, te kenn xamu ko.
Moom it, mu nëbb ko ñépp.
Benn bés, mu wósin ay séex.
Ñaari séex yu rafet-a-rafet !
Mu bég lool, ndax mosul woon am doom.
Buur itam kat, mosul am doom te foo ko fekk, mi ngi wax waxi

doom. Aka bëggoon a am doom !

Waaye bi wósin wi xalaatee ñaareel bi, dafa tiit ! mu ne « Yàlla tere ! bu ñu koy yëg, samay doom di dee. Xaaral ma wut pexe ! »

Mu daldi fomp doom yi bañu set, lëmës leen ci ay sagar ak i xobi garab.



Garab gi mu nèkk ci keram nạk, am na am lëm, maanaam am pax.

Mu fomp pax ma ba mu set, daldi cay dugal doom ya, tëral leen fa, daw ñibbi, ndax guddi woon na daanaka, te moom moo war a dugal fas ya.

Mu daw, daw yu gaaw balay ñaareel bay yëg ne teelu leen a dugal.



Benn jaam daldi koy joxoñ lekk gu doy waar. Mu mos ca daldi tëdd tey xalaat doom ya.

Ca fajar ga mu tàmm a jóg, mu gaawtu defar fas ya, jox leen lekk, daldi daw ca àll ba, jubal nag ca garab ga.
Wóoy sama ndey ! Doom ya nekkatuñu fa !
Ndeke ba mu ñibbee, jaan moo doon romb garab gi, jaan ju réy-a-réy ! xetu liir yi dugg ko, mu yër ci pax mi, seen leen. Mu daaldi dugal bopp bi, génne leen.

Te fekk na ne moom jaan ji itam, ci fan yooyu rekk la wósin. Dafa génnoon rekk ngir wutal doom yi lu ñu lekk.




Mu daldi jël liir yi, yóbbu leen ca këram.

Jaan ji tëral séex yi ci wetu doomam ya, dundal leen, di leen toppatoo ni mu gëne. Mu mel ni séex yi sax a ko gënaloon doom yi mu jur ndax li muy def ci ñoom moo ëpp fuuf, li muy daj ci jaan yu ndaw yi. Ndeysaan, xalaat na ne doomam yi, fii lañu dëkk, te doomi nit ñii, dëkkuñu fi, te bu góor-góorluwul ci ñoom dina ñu mën a loru.

Xale yi màgg ci lu gaaw, ndax dund bu baax bi ñuy dund. Waaye terewul ba ñu xàmmee rekk lañu seetlu ne bokkuñu ak seen mag yi dara, bokkuñu itam ak seen yaay ji dara. Ñu gis ne yaay jaan, li muy baax-baax ci ñoom, juru leen. Ñu tàmbali di ko laaj : « Kan mooy suñu yaay » ?

Bi ñu amee fukki at ak juróom-ñaar, jaan ji woo leen ni leen :
Man dey, dama leen fekkoon rekk, ci menn paxu garab, jële leen fa ndax yërëm leen.

Garab gaa ngi tudd « karajuwo ». Ci ronam, la leen seen yaay jure. Loolu rekk laa leen mën a wax ci




seen yaay. waajleen nakk, bu subaa teel, defaral naa leen, ngeen seeti ko. »

Ca fajar ga, mu yee leen, daldi leen solal ay yére yu weex tàll, ay sër yu ñu ràbbe wëñu wurus. Jox leen ay fasi naari góor yu kenn mosul a gis seen weexaay.
Fas yu dëgër, taay, te boo leen gisee, xam ni ay ndaw lañu. Tund wa ba mu daj, kenn mosu faa gis lu ni taaroo.

Ba leen seen yaay nee « Aycaleen » nag, xale yi gis

ne, tàggatoo moo fi des. Ndeysaan, ñu daldi àndandook doomi jaan yi nga xam ne ay ponkal lañu léegi, di jooyoo ba jaan ju mag ji ne leen doy na, dëfal leen. Ñu waat ne duñu mos a rey, mbaa ṣeetaan kuy rey jaan. Dëkk bu ñu dëkk itam, kenn du fa toroxal jaan. Ñu daldi war fas yi, dem wëri seen yaay.

Dëkk bi ñu jëkk a yegg, fekk nañu seen xibaar jiitu leen fa. Ñi leen jëkk a séen, ñoo daw waxi buur ak ña mu nekkal, ne ñaari doomi buur yu war



ñaari fas yi gën a rafet ci fas yi, lañu gis. Te mel na ni, kër buur lañu jëm.

Xibaar bi daldi law, ci lu gaaw, dëkk bi bépp génn, ñëw kër buur di xaar kay !
Bi xale yi yegsee, wàccuñu seen fas yi sax. Dañoo nuyoo rekk, tàmbalee woy :
– Sunu yaay lanuy wut !
Jabaru buur jëkk leen a tontu :
– Man maay seen yaay !
– Fan nga nu jure ?
– Sama néeg laa leen jure !
– Yaw doo sunu yaay !

Naqaru ndawsi daldi feeñ ci xarkanam gi. Mu deltu ginnaaw, keneen ñów tontu, ci diggu géew bi. Jigéen ñépp jaar ca, ndax ñépp a bëggoon a jur xale yii. Wànte gone yi gàntu ñépp. Seen yaay nekkul ci dëkk bii.

Ñu daldi tàggatoo jàll ci beneen dëkk. Waaye, dëkk bu ñu dem rekk, duñu fa dégg ku leen tuddal turu garab ga leen seen yaay jure.

Ci timis, ñu yegg ca seen dëkku baay. Buur daldi joxe ndigal ñu defaral leen néeg bi gën a baax te gën a rafet ci néeg yi. Xale yi reer ba suur. Waxtaan tuuti ak buur, ñu jóg tëri.

Sonnoon nañu lool, waaye suba teel lañu jóg ndax bu seen yaay nekkul ci dëkk bii, dañuy demaat rekk, defaat ko dëkkoo dëkk, ba timisati, mbaa ba bañuy giseek seen yaay rekk.

Gannaaw waa dëkk bi yépp yëgoon nañu biig li fi andi

gone yii, ñépp di seetaan, ñoomit fajar lañu yeewu. Góor ñi dimbali nañu seen jabar yi, ñu soloo nu keemaane ndax taar. Kenn ku ne ci ñoom, muy góor di jigéen, yaa ngi ñaan Yàlla, gone yi ànd ak yow. Wurus desul, ngalam desul, rabal desul, bari na ci ñoom sax ñu léttu ci guddi gi, ndax yaakaar xale yi nangoo doon seen doom ci kaw taar.

Pénc mi fees dell ak ñu rafet.

Séex yaa ngi toog, séq buur. Buur moom, nëbbul kenn mbégtéem ci toogaayam bii, waaye géntul de, mi ngi ne cim xelam : Éy, waay ! sama aawo mayu ma doom ci séyub fanweeri at. Fukki at ak juróom-ñaar a ngi nii, ñaareel bi itam mënul a fexe ba amal ma doom. Kon, nu may mën a juree ñii ?

Gët yépp a ngi ci séex yi, xel yépp a ngi ci ñoom. Ku nekk di ñaan : Yal na ñuy samay doom. Xale yi daldi jóg, woy seen woy wi. Ñaareeli

jabaru buur bi jëkk a jóg, tontu ne mooy seen yaay.

– Foo nu jure ?

– Ci sama lal laa leen jure !

– Yow doo sunu yaay !

Daanaka jabaru buur daanu na fa ! Dañu koo jàppoo, yóbbu ko mu toog ak naqaram, ak i rongoñam.

Keneen jógaat, xale yi ne ko doo sunu yaay, ba jigéeni dëkk ba yépp jàll.

Kanam yi yépp lëndëm, jigéen ñiy jooy, xale yi jóg

bëgg a tàggoo, mu am ku yuuxu ci mbooloo mi, ne am na jigéen ju ñu fàtte. Ñépp ne tekk, di wut ci seen xel, ba xam kan lañu fàtte ku ñëwul ci pénc mi !

Waaji daldi yuuxuwaat ne : Aawob buur bi la, ki kenn bëggul !

– Ciip !

– Ciip !

Ñépp di ciipatu kay ! kooku fu muy jaar ba jur ñii ?

Ñaareel bi daldi xaaxtandiku, tifli ne :

– Cam ! kooku de, kuy jaasiir,

moo la gën a jaasiir ! te sax, naka lañuy mën a xoole ñii, di xalaat ne kooku mën na leen a jur ?




Wànte, gannaaw ñépp a bëggoon séex yi des ci dëkk bi, donte kon juruñu leen, ñu ñaan buur, ñu jëli aawoom ba.

Genn góor daldi daw war fasam, jël yoonu tool ya.
Xaar bi yàgg lool ndax yàkkamti bi ñépp yàkkamti !

Waaye yàggul dara, ñu séen cib pënd, waa ji ci kaw fasam, soxna si topp ci fas wi di daw. Bi ñu yegsee yit, ñépp a ngi koy moytu ndax tilim bi mu tilim. Dafa tilim ba

dër, yére yi xotteeku, tànk yi xar, loxo yi dëgër, am ay yenaat fu ne, bopp bi moom, kenn mënu cee ràññee kawar ak ay bant, ay ñax, ay neefare ak lu ne !
Ñépp xàllal ko yoon wi ndax mu mën a jàll, waaye it, ngir daw xetam gu bon.

Xale yi dañu koo gis rekk, ñu jógandoo ni ay fitt, taxaw.
Moom it, xale yi dañoo tàmbalee woy rekk, yaramam daw, ba xol biy metti. Mu daldi fàtte niko mbooloo mi teertoo, daldi siggi ni jàkk doom yi.



– Sunu yaay lanuy wër !
– Man maay seen yaay !
– Fan nga nu juree ?
– Ci ronu « Karajuwo » maanaam garabu « tek » laa leen jure !
Nit ñi tàmbali di bëgg a ree,

te naan, kii moom, fu muy jëlee ay doom yu ñuy jure ci ronu « Karajuwo ».

Wànte bi gone yi dawee laxasu ko, di jooy, te naan ko, yow yaay suñu yaay, ñépp a waaru.



Doom yi gisuñu ne dafa tilim walla dafa xasaw !
Dañu koo mujj laxasu, di ko fóon ba ca tànk ya.

Ñépp mel ni ñuy gént !
Buur moo jëkk a yeewu ci gént daldi ne :

– Yóbbuleen ko, ngeen sang ko ba mu set, solal ko li fi gën a rafet, defar bopp bi, te takkal ko yit takkaay yi gën a am maanaa. Damaa bëgg mu gën a rafet képp kuy jigéen, te sax, moom ñaawul woon !

Ñu daldi koy yóbbu ca dex ga, bomb ko ak i njàmpe ak i saabu yu xeeñ.
Ñu layandee ko ndoxum keteraan, ndoxum gowe ak ndoxum sarxatan.

Ñuulaayu tilim bi woon ci yaram wa, daldi déñ. Ñuulaayam wu rafet wa, ñuulaayu peme wa mu amoon, ñuulaayu jaan wa mu moomoon daldi ñëwaat. Weexaayu ceeb wa gëñam ya weexoon daldi ñëwaat. Guddaayu kawar geek, waaraam yu gudd yu sew ya,



bakkanam biy joxoñaate, gëtam yiy fàttali taaru weer wi, ndawsi melni ku Yàlla defaraat rekk, jox ko taar bu kenn mënul a nataal, génnee ko cim ndox, muy dox ci kaw suuf, te laalul suuf.

Ñu daldi koy toogloo ci diggante doomam yi mu doon jooy ay ati at, ci wetu buur bi gisatul keneen ku dul moom !

Buur daldi wax ne, nañu génnee ñaareel bi ci néeg bi mu nekk, toxal ko ca fas ya,

muy def la mu doon defloo kii di yaayu séex yi.

Waa dëkk bi yépp réccu, ni ñu jàppe woon aawo buur bi ; ñépp bëgg koo nuyu, balu ko àq. Moom, mu wone ne baal na ñépp. Doom yi itam daldi nuyu ñépp, baal leen.

Ndeysaan, fas yi ñoom, bégatuñu ndax toppatoo bi ñu daan am, amatuñu ko. Ñax ma fees dell ca tool ya, ndax ki fa nekk léegi dafa tayal lool.

Yaayu séex yi moom, mosul feyyu : mosu koo dóor, mosu koo saaga.
Dakoo daldi fàtte.

Achevé d'imprimer
sur les presses d'Avitech Impressions
pour le compte
des Editions Papyrus Afrique
Décembre 2014

Dépôt légal : 1er trimestre 2015
ISBN : 978-2-914135-22-1



Ki bind téere bi

Jeewo Géy bawol-bawol la, juddoo Fuladu ca Koldaa. Foo la tàmbalee am njàngam. Waa mu ngi màggee digga Ndakaaru, Kawlax ak Sikicoor. Xam-xamam mu ngi màcc ci wa Sekerteeer mi mu dem ba tàmb cee jangàle Ci sunu jonni tey jii mu ngi liggéey SODEFITEX. Nekkinu jigéen ñi, dafa ko soxal l ndax gone yi ñu war a yar. Looloo ko xiiroon samp « Teesitoo » di mbootaay gu ëmboon jigéen yu bare ca Kolda.
Léeb nag dafa di li mu bëgg. Léeb na fépp : lé na ci ay réew, ci ay pénc ak ciy daara...

Téere bi

Téere bii léeb la buy nettali soloy benn buur jenngoon lool jëm ci ñaareelam.
Looloo waral buur bi nangu woon a féetale aa ba ca tool ya ak ca wuddu fas ya ngir mu dëkki ba mën di topatoo fas yaak tool ya. Kenn xan woon ne dafa ëmboon, ba ni mu wósine ña séex.

9 789291 401352 21

ORGANISATION INTERNATIONALE DE la francophonie

Editions Papyrus Afric